Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 20 (9931) 26 май 2023 с. / Рузман, 7 Зуль-къагIида/ Джумадул аввал 1444 с. / багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.

## Аппараталъул иргадулаб данделъиялда...



23 маялда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Кидаго гIадин, гьенир гIахьаллъана администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана рагъулаб хъулухъалде гIолилал ахIиялъул кампаниялда, налогалгун гьел гурел хайирал районалъул бюджеталде рачIинариялда, гIадамазе щолел харжаздаса налог ккеялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалда ва районалъул территориалияб планированиялъул схема хIадур гьабиялда хурхарал суалал.

Данделъиялъул байбихьиялда районалъул бетIерас баян кьуна армиялде гIолилал ахIиялъул кампаниялдагун Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас гьениб бицана тIадехун рехсараб суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул.

Гьес абуна: *«Республикаялъул рагъулаб комиссариаталъул хIукмуялда рекъон, нилъер районалдаса рагъулаб хъулухъалде ихдалилаб призывалда ритIизе ккола 100 чи. Жакъа къоялде армиялде ун вуго гIицIго 54 чи. АхIараб комиссиялде рачIинчIел чагIазул сияхI кьун буго районалъул ОМВДялде. Цоги, хIажат буго, къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалде унезда бичIчIинабизе, хъвалеб къотIи-къай нилъерго военкоматалда гьабуни, лъикIаб букIин, щай абуни, гьелъ рес кьезе буго жиндир заманалда гьединазул хъизабазе кумек гьабизе. ГьабсагIаталда гьеб гьабиялъулъ квекIенал дандчIвалел руго»*, -ян.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав экономикиябгун социалияб рахъал церетIезариялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас данделъаразе бицана налогал рачIинариялъул суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьес, цифрабаздалъун, гьениб бихьизабуна НДФЛалъул, ГСМалъул акцизазул, буголъиялъул, ракьул налогал рачIинариялъулъ ккарал хIасилазул.

Гьелда тIасан кIалъаялда районалъул бетIерас Юсупида бадичIваял гьаруна. Гьес абуна: *«Гьеб суалалъулъ, кколеб къагIидаялда, нухмалъулездаги гьезул бухгалтераздаги хадуб нужеца хал кколеб гьечIони, налогазул суал бетIералде бахъине бугин абуралда божи лъоларо. Щай нужеца дандчIвалел захIмалъабазул хIакъикъат заманалда дихъе щвезабулареб?*

*Гьединго, щай нужеца цIех-рех гьабулареб мадугьалихъ ругел районазда гьеб суал тIубазабиялъе щиб хIалтIи гьабулеб бугебали? ГьабсагIаталда гьеб суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIал хисичIони, гьелъул жаваб кьезе ккезе гьечIищ? Налогазул суал тIубазабиялда тIад чIей гьечIеб хIалтIи гьабизе ккола»*, - ян.

Ахирияб хал гьабиялде босараб суалалда тIасан кIалъай гьениб гьабуна бакIалраялъулгун архитектураялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас.

Гьес абуна: *«Нилъер районалъул заказчикасул цогояб хъулухъальги «Дагъистанкадастрсъемка» гIуцIиялъги къотIи-къай гьабун букIана районалъул территориалияб планированиялъул схемаялъулъ хиса- басиял гьаризе. Схема хIадур гьабун букIана «Гипрогор» ОООялъ. Схемаялъулъ хиса- басиял гьаризе кколел руго РДялъул хIукуматалъул тIадкъаязда рекъон. (Гьел, бакIал разе ккеялда, туризмалда ва районалъул экономикиябгун социалияб рахъал церетIезариялда хурхарал руго).*

*«Дагестанкадастрсъемка» гIуцIиялъе нухмалъулесул рагIабазда рекъон, рехсараб схемаялъулъ гьарулел хиса- басиял бетIералде рахъине руго гIагарал 15 къоялда жанир»*, - ан.

Гьесул кIалъаялдаса хадуб ХI. Мусаевас абуна: *«Киналниги гьарулел ишазда хадуб халкквей букIине ккола ва гьел тIаде росараз заманалда тIуразари тIалаб гьабизе ккола. Гьедин гьабулеб гьечIони, цадахъаб хIалтIи цебе ине батIи-батIиял квал-квалаз биччаларо. Жавабиял хIалтIухъабаз жидерго ишалъулал тIаде росиял заманалда тIуразаризе ккола»*, - ян.

Данделъи ахиралде щвана хал гьабиялде росарал суалазда хурхарал тIадкъаял кьеялдалъун.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## Шапакъатал кьуна

18 маялда Дилим росулъе щвана РДялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов. Гьев дандчIвана гьал къояз хIухьбахъиялда ругел Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIигун. Бихьизабулеб бихьинчилъиялъухъги бахIарчилъиялъухъги баркалаги загьир гьабун, ГI.ГIабдулмуслимовас гьениб абуна:

*- Нуж руго унго-унгоял рагъухъаби, ва ниж нужедаса чIухIула. Инсан киданиги хIадурлъуларо бахIарчилъун вахъине, амма рукIуна параял гьес цIакъ кIвар цIикIкIараб масъала бетIералде рахъинаризе кколел. Дица бетIер къулула ВатIан цIунизе рахъаразда цебе. Нилъер гIолохъабаз- дагъистанияз Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ бихьизабулеб бахIарчилъи цогидазе мисаллъунги буго. Нижеца гIуцIун буго кумек гьабиялъул хасаб фондги. Гьединазул щибаб хъизан нижер халалдаги букIине буго.*

*Нилъер бахIарзазда цере нилъ налъулаллъун ккола. Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасги нужеде салам битIана*,-ян.

КIалъаялдаса хадуб гьес тIадехун рехсарал рагъухъабазе Дагъистаналъул цолъизабураб ополчениялъул медалалги гIарцулал шапакъаталги кьуна. Гьединго



гьес районалъул ополчениялъул председатель Муса ГIазаевасе, рагъухъабазул рахъкквеялда хурхун, Дагъистаналъул хIукуматалъул грамота кьуна.

Гьеб тадбиралъул цояб рахъалдехун лъугьун нилъер районалъулалги чIечIо. Гьез гьенив ГI. ГIабдулмуслимов кIодо гьавуна *«Салатавиялъул бахIарчи»* абураб тIадегIанаб жамгIияб медалалдалъун.

***Пресс-служба Правительства РД***

## ХитIаб гьабуна

Нилъеда лъала армиялде гIолилал ахIиялъул ихдалилаб кампания тIобитIулеб букIин ва гьенире гьел унел рукIин. Гьелъул хIакъалъулъ цо чанго нухалда районалъул информациялъул алатазда хъванги букIана.

ГIолилал нухда тIоритIулел къояз гьелгун дандчIваял, гьезие насихIатал гьарула. Гьеб къо кIочонареблъун лъугьиналда тIад гIезегIанаб хIалтIи гьабула батIи- батIиял гIуцIабазул жавабияз. Гьал къояз тIадехун рехсарал гIолилазде районалъул харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургIалиевас хасаб хитIаб гьабуна:

*«Нижер гIолилаб ригьалда букIана гьадинаб аби «Бихьинчилъун лъугьине ккани, армиялда хъулухъ гьабизе ккола». Жакъа нужеде ирга щун буго ВатIан цIунулезул мухъилъе лъугьине. Гьедин гьабуна нилъер умумузулгун гьезул умумузги.*

*Унго-унгояв ВатIан цIунулевлъун вахъине ккани, босизе ккола рагъулаб махщел. Лъай бугевлъунги лъадари щваравлъунги гьечIони, гьеб цIунизеги кIоларо»*,-ян.

Гьединго, Сайрудиница хитIабалда абулеб буго,къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалде ине лъикIаб бугин нилъерго военкоматалдасан. Гьедин гьабуни, армиялда хъулухъ гьабулелги гьезул хъизабиги районалъ гьабулеб кумекалдаса махIрумлъичIого рукIинеги ругин.

***Ибрагьим Идрисов***

Подписка-2023

## ХIурматиял цIалдолел!

Унеб буго 2023 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие *«Чапар»* газета хъваялъул кампания. Нужеда газеталда ратила лъималазе, гIолилазе ва ригь аразе малъахъваял, абиял ва тарихиял баянал.

*«Чапар»* хъвани, нуж лъугьина нижер гьитIинаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула почтаялъул росабалъ ругел отделениябазда.

**Гьелъул багьа-346 гъурущ.**

*Редколлегия*

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Министр нилъер районалда

гьум. 3 Ахирисеб цIумур кьабуна

гьум. 4 Спорт

# Лъайкьеялъул министр-нилъер районалда

Тlаде щолеб буго пачалихъиял экзаменазул заман. Ахирисел чанго соналъ нилъер районалда гьел тlоритlиялъул къагlидабазда тlасан тlадчагlазул бадибчlвай букlинчlо. Божи буго иргадулаб нухалдаги гьел кколеб даражаялда нухда лъелилан.




Исана республикаялда тlоцебесеб нухалъ ОГЭ тlобитlизе буго видеокамеразул халкквеялда. 17 маялда Лъайкьеялъулгун гlелмуялъул министр Яхlя Бучаев нилъер районалде щвеялъе гlиллаги гьеб букlана.

Тlоцебесеб иргаялда, Я. Бучаевас хал гьабуна экзаменал тlоритlулеб №152 пункталъул. Гьеб заманалда гьениб унеб букlана районалъулго цlалдохъабазе тlобитlулеб гlурус мацlалъул хlалбихьиялъулаб ЕГЭ. Гьениб министрас цlалдохъабазе гьадинаб насихlат гьабуна: *«Нужее школазда щвараб кинабго лъай хlалтlизабе цере лъурал масъалаби тlуразариялъе. Рахlат хвезе, ургъел реклелъе биччазе кколаро, экзамен къабул гьабе школалда хъвалеб гlадатияб халгьабиялъул хlалтlилъун. Байбихьи гьабе бигьаял масъалабаздасан. Нужерго районалъул члухlилъун кколездаса мисалги босе. Гьарула нужее битlккей»,*- ян.

Гьелдаса хадув, районалъул бетlер Х.Х. Мусаевгун цадахъ, Я. Бучаев районалъул лъайкьеялъул гlуцlабазе нухмалъулелгун дандчlвана.

Гьениб министрас районалъул цlалдохъабаз батlи-батlиял олимпиадабазда, къецазда рихьизарурал лъикlал хlасилазухъ, мугlалимзабазе баркала загьир гьабуна, ва церетlурал мугlалимзаби Хlурматалъул грамотабаздалъун, Баркалаялъул кагътаздалъун ва каранда ралел гlаламатаздалъун кlодо гьаруна.

Данделъиялдаса хадуб гьениб *«Казбек районалда лъайкьей цебетlезабиялда цере чlарал кlвар бугел суалал»* абураб семинарги тlобитlана.

# Экзаменазде хIадур руго

Лъайкьеялъулгун гlелмуялъул министерствоялъул ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хlукмабазда рекъон, районалда пачалихъиял экзаменал тlоритlиялъе кlудияб хlадурлъи гьабун буго.

Районалда ЕГЭ 137 (гьезул 17ял цересел соназул выпускникал ккола), ОГЭ 640 цlалдохъанас кьезе буго. Экзаменал тlоритlиялъул къагlидабигун жалго цlалдохъабазе ва умумузе мухlканаб баян кьун буго. Кколеб даражаялда экзаменал тlоритlиялъе хlадурун буго 3 пункт (151-Гуниялъул гимназия, 152 – Дилималда бугеб гимназия ва Ленинаул росдал №1 школа), гьединго лъай ва бажари бугел организаторал. Члезабун буго хlажатабщинаб кагъат – къалам, техника, хlинкъигьечlолъиялъе киналго шартlал.

Киналго пунктазда хlалтlулел руго видеокамераби, медицинаялъул ва психологиялъулал рахъазулал хlалтlухъаби.

# ЛъимерлъигуН къолъикI гьабуна

**Тlогьолаб маялъул аслияб лъугьа-бахъин ккола школалда 11 соналъулаб аслияб лъай босиялъул хlасил гьабураб ахирисеб цlумур къабиялъул байрам.**

**Цо-цо баяназда рекъон, тlоцебе гьеб 1948 соналъул 25 абилеб маялда Москва ва Краснодар шагьаразул цо-цо школазда тlобитlун буго. Циндаго линейка, хадуб тlоцересел классазул цlалдохъабаз школа лъугlаразе кьун руго жидерго квераз гьарурал сайгъатал, цинги выпускниказ гъутlби члун руго. 70 абилел соназда СССРалъул лъайкьеялъул министерствоялъ гьеб школазда, чара гьечlого, тlобитlизе кколеб байрамлъун бихьизабун буго. Гьалеха 50 соналдасаги цlикlкlараб заман ана, школалъул аслияб байрамлъун «Ахирисеб цlумур» лъугьаралдаса. Гьанже гьенир гlахьал гьарула 9 класс лъугlун унелги. Гьезул гlемерисел *училищезде, колледжазде цlализе лъугьуна, цlакъго цlалуде гъира бугел лъимал гурони, 10 классалда цlализе чlоларо.***



Алмахъ

# Районалъул

22 маялда нилъер районалъул 760 (11-120, 9 - 640) цlалдохъанасе къабуна ахирисеб цlумур. Гьелъул гьаракьалъ гьел гlумрудул гlатlидаб нухде ахlана.

Хасгьабун гьеб къоялде киналго школазул коллективал батlаго хlадурлъула. Берцинго къачlараб школалъул азбаралъур дагьалги берцинал выпускниказул кьераз нур бан букlана. Гьезул хlалхьи, школалда хlинкъигьечlолъи, ва тадбиралда низам цlунун, члана ОМВДялъул хlалтlухъабиги.



Буртунай



Гертма

Байрамалъе байбихьи гьабуна пачалихъияб гимналъухъ гlенеккиялдалъун. Гьеб байрамалъулаб рохел гlахьал гьабизе данделъарал лъималазул, гьезул улбузул, гьезие гlемерал соназ дарсал цlаларал, гьанже гlагаралълъун лъугьарал мугlалимзабазул ва рикlкlен гlемерал гьалбазул беразулъ рохалилаб кунчlи бихьулеб букlана.




Гуни

Хадуб дагь-дагьккун гьезул гьурмазда къварилъиялъулал гlаламатал чlолел рукlана.



Гъозтала

# школазда ахирияб цIумур кьабуна

Узухъда, кlиабилеб рукъалъун жидее лъугьараб школа тезе цlалдохъабазе цlакъ захlмат букlана: гьениб хутlулеб букlана гочlаб лъимерлъи.

Киналниги школазда гьеб байрамалъулъ гlахьаллъана районалъул



**Дилим (гимназия)**

администрациялъул, лъайкьеялъул управлениялъул вакилзаби.

Гьез районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул ва лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамаевасул рахъалдасан



**Дилим (лицей)**

мугIалимзабазда, выпускниказда, гьезул улбузда баркиялъул рагIабазда хадуб, тарбиягун лъайкьей цебетIеялъулъ жидеца лъураб бутIаалъухъ мугIалимзабазе, олимпиадабаздагун къецазулъ лъикIаб хIасилал рихьизарурал




**Дубки**

ва мисалиял цIалдохъабазе батIи-батIияб даражаялъул грамотабигун Баркалаялъул кагътал кьуна.

Гьединго, гIанчIаб лъимерлъигун къолъикI гьаби баркун, жидер лъи-



**ИчкIа**

малазе гьабураб бербалагьиялъухъ, кьураб тарбиялъухъ мугIалимзабазе ракI-ракIалъулаб баркалагун умумузги рекIелъе роргулел рагIаби абуна.

Бищунго кIвар бугеб лахIзат киназулго тадбиразда пачалихъиял экзаменазде выпускникал риччаялъул хIакъалъулъ педсоветалъул хIукму цIали лъугьана. Гьелдаго цадахъ школазе нухмалъулез выпускниказе хадусеб гIумруялъе хIажатал насихIатиял




**Калининаул**

кIалъаял гьаруна, ОГЭ, ЕГЭязда бажаригун лъай гIей ва битIккей гьарана.

Ахирисеб нухалъ выпускниказги жидерго гьунаралдалъун ракIарарал пана гьаруна. Жеги кечI ахIизе хIалбихьицин гьабичIел, кьурдул бакънида



**Ленинаул №1**

хIетIгицин бахъичIел гьел гъираялда кьурдулелги кучIдул ахIулелги рукIана.

Тадбиралъул бищун хIалуцараб лахIзат щвана. Ахирисеб цIумур кьабизе изну щвана мисалиял выпускниказе ва гьезул ирс кьезе рекъарал тIоцересел



**Ленинаул №2**

классазул цIалдохъабазе.

Жив-живасул гIумруялъе цIикIкIараб кIвар бугеб гьеб тадбир - ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам киналго школазда рохалилаб ахIвал – хIалалда



**Хубар**

ана. Гьеб байрам кIочонареблъун хутIила тIолгоязул ракIазулъ.

Нужее нухал ритIаги, хирияв выпускникал!

*Динара Батиева*

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Футболалъул лига рагьана

Ахириял соназ нилъер районалда спорталъул батIи-батIиял тайпаби церетIе-зариялда тIад гIезегIанаб хIалтIи гьабуна. БакI-бакIазда рагьана спортивиял залал, площадкаби, гьенир чIезаруна хIажатал алаталгун къайи-цIа.



Узухъда, гьедин гьабиялъ лъикIал хIасилалги кьолел руго. Гьеб рахъалъ хасгьабун рехсезе бегьула футболги боксги.

Гьел спортивиял тайпабазде гIолилал ругьунлъизе байбихьаралдаса нилъер гIолилаз рихьизарурал лъикIал хIасилазул хIакъалъулъ бицунги хъванги букIана. Гьелъие нугIлъи гьабула гьадинаб мисалалъги. Гьаб соналъ Россиялъул футболалъул Союзалъ Дагъистаналъул профессионалиябльун кколареб футболалъул лига улкаялда бищунго лъикIаблъун рикIкIана.

Гьал къояз Дилималда байбихьана футболалъул 6-абилеб нухалда тIобитIулеб лигаялъул къецал.

Гьаб соналъ хIаязда гIахьаллъизе буго Дагъистаналъул шагьараздасагун районаздаса 19 команда. Лъабго моцIалъ халатрахъунел хIаязда лъазаризе руго бищунго лъикI хIалел командаби.

Районалда футбол цебетIезабиялда тIад гIезегIанаб хIалтIи гьабуна районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас, "*Казбек*" командаялъул президент Каримдин Идрисовас ва гьеб командаялъул капитан АхIмад Иманшапиевас, ва гьединго, цIар-цIарккун хъвачIониги, гIемерал гIолохъабаз. ЦIарги рецции гьел тIолазего.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# Чемпионаллъун рахъана

Газеталъул цересел номеразда нижеца гIемер хъвана МДЮСШялъул ясазул командабаз, волейбол хIаялъул рахъалъ, росарал бергьенлъабазул хIакъалъулъ.

Гьале, дагьал церегIан къояз КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялъул хIурматалда ва Гъизилюрт шагьаралда тIобитIараб Дагъистаналъул чемпионатаалда нилъер ясазул команда чемпионлъун бахъана.



Республикаялъул шагьаразулгун районазул командабазда гьоркьоб чемпионлъун бахъин нилъер ясазул командаялъе щвараб кIудияб бергьенлъилъунги цебетIейлъунги ккола.

Нилъер командаялда гьоркьор рукIана Упият Алясаева, Муъминат ЛатIипова, Нурипат Абакарова, Марият Музарова,Узлифат Дудуева, Умайгьанат ТIалхIатова, Марият ХIадаева, Макка ХIадаева, Мадина ХIадаева, Фатима ЛахIитова, Фатима ХIажиева,Хадижат Иманшапиева ва Аят МухIамадова.

Гьел хIаязда бищунго лъикI хIарайлъун Узлифат Дудуева йихьизаюна. Ясазул тренерлъун Наида Алясаева ккола. Нилъер команда кIодо гьабуна кубокалдалъун, медалаздалъун, грамотабаздалъун ва гIарцулаб шапакъаталдалъун.

ЦIарги рецции ясазе!

# Эркенаб гугари

14 маялда Мусашайих ГIазаевасул спортшколалда тIоритIана эркенаб гугариялъул къецал. КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялда тIобитIулеб, хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулел районцоязул рахъал ккеялда хурхарал гьел къецазда гIахьаллъана 2009-2010 соназ гьарурал гугарухъаби.

104 гугарухъанасда гьоркьор ва жиде-жидер цIайиязда чемпионаллъун гьенир рахъана АхIмад АхIмадов (29 кг), ХIабиб ХIамзалаев (32 кг), СагIид КъурахIмаев (35кг), Ислам КъурахIмаев (38 кг), МухIамад Бисултанов (41 кг) , ХIасан ХIажимухIамадов (44 кг), ГIабдурахIман Султанов (48кг), МухIамад Джаватханов (52 кг), МухIамад Бибасханов (57кг), Ислам Чегуев (62 кг) ва МухIамад Бибасханов (68 кг).

Призалъулал бакIал росарал гьенир кIодо гьаруна спортшколалъул грамотабаздалъун.

Гьезул тренераллъун ккола АтавхIажи ГIамиев, Къурбан Давурбегов, ХIажи Гумаров ва Хайрула Гъамуев.

Гьел къецазда чемпионаллъун рахъарал гIахьаллъизе руго зоналиялгун республикаялъулал къецазда.

# ТIадагьаб атлетика



19 маялда Ленинаул росдал №1 школалда тIоритIарал тIадагьаб атлетикаялъул къецазда гIахьаллъана лъайкьеялъул 12 гIуцIиялдаса командаби.

ЦIалдохъабазул 39-абилеб спартакиадаялъулъе рикIкIарал гьел къецазда гьоркьор рукIана спорталъул тайпаби: рекери (60м., 200м., 400 м.), кросс, рекерун халалъухъе кIанцIи, эстафета ва ядро рехи.

Васал ва ясал гIахьаллъарал гьел къецазда тIоцебесеб бакIалде бачIана лицеялъул команда, кIиабилеб бакI босана Ленинаулалъул №1 школалъул командаялъ ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Гуни росдал гимназиялъул команда.

***Насрула Алиукъаев***

# ГьоркьобкъотIи гьечIого, малъе лъималазда




Нилъеда лъала, цIагун, гьеб ккеялъе рес кьолел алаталгун лъимал расандиялъ кьезе бегьулел хIасилал. Гьезул бищунго рекIелъ къан хутIулел хIужабилъун жалго лъимал гIумруялдаса ратIалъи ккола букIин бичIчIунарелги нилъеда гьоркьор ратиларо.

Балъголъилъун ккоаро лъимал цIадудехун цIалел рукIин. Узухъда, гьезда лъаларо гьелъ кинаб хIасил кьезе бегьулебали. Гьединго, нилъеда бихьула чIахIияз гьарулел ишал такрар гьаризе гьез хIаракат бахъулеб букIин, гьеб хасго загьирлъула лъимал жалго жидедаго хутIараб заманалда.

ГIемерисел умумуз, малъиялги гьаричIого, лъималазе *«Газил, токил алатазда квер хъваге», «Спичкаби росун ратуге»* ва цоидалги гьукъиял гьаруна, амма гьез чIахIиязе кьолел хIасилал кIудияб асар лъималазул ракIазе гьабураллъун рукIунаро.

ГьоркьобкъотIи гьечIого, чIахIиял хIалтIизе ккола лъималазда цIаялъ кьолеб зарал бичIчIинабиялда тIад. ГьитIинаб къоялдаса лъималгун бичIчIен кьеялъул хIалтIи гьабулеб гьечIони, гьукъиязул кинаб букIаниги пайдаги букIунаро.

Умумузда кIочене бегьуларо цIа ккеялдаса цIуниялъул суал гIемерисеб заманалда жидеда бараблъун кколеб букIин!

-Лъимал газилгун токил алатал хIалтIизаризе тIамизе бегьуларо;

-киданиги, хасго тIаде нуцIаги рахан, жалго жидедаго лъимал тоге;

-лъимал ругелъуб сигарета бухIуге, гьелъул хутIел цебе ккаралъубе рехуге, канлъи бихьизелъун, кагътида цIаги гъоге. Гьедин нилъеца гьабулеб бугони, гьеб кинабго лъималазе мисаллъун букIуна.

Рукъоб лъикI хIалтIуларел яги жидецаго хIадурарал токилгун газил алатал цIунуге. Хадуб халкквей гьечIого, цIаккеялда хIинкъи бугел алатал тоге.

Печал (цIулаца, токалъ, газалъ ракулел) ракизе, гьел, хIажалъи ккани, свинаризе лъимал тIамуге;

ХIинкъи бугел токил, газил мухъазде аскIореги лъимал риччаге.

ЦIа ккеялъе квербакъулел алатал лъималазухъе щоларел бакIазда цIуне.

Нагагь рукъоб цIа ккани, хехлъи гьабун, нужерго къуваталдалъун гьеб свинабизе кIолеб гьечIони, цIа рекIаралъуса нахъе а, лъималги хIинкъи гьечIелъуре раче.

КIочене биччаге **112** хвасар гьариялъул хъулухъалъул номерлъун ккелебльиги **101** цIа ккеялдаса цIуниялъул номер букIинги!

***Н.К. Насрудинов,***
***заместитель начальника ОМД и ПР № 10***


**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баянazул жаваб авторас кьола**